

ABRI SEKIRITÈ

Pèsòn moun gen dwa abandone yon bebe. **Lalwa Indiana sou Abri Sekirite** pèmèt moun remèt yon bebe yo pa vle defason **anonim** san pa bezwen pè pou yo arete w oswa pouswiv ou.

Yon paran, fanmi, zanmi, minis oswa prèt, travayè sosyal oubyen nenpòt moun ki responsab kapab renonse gad yon bebe ki pi piti pase laj 30 jou nan Indiana...



LOPITAL



POLISYE



DOKTÈ



PONPYE OUBYEN NAN YON
"BWAT SEKIRITE" KI SITEYEN NAN
KAZÈN PONPYE SPESIFIK



ENFIMYÈ



OUBYEN LÒT MOUN KI FOUNI
SWEN MEDIKAL DIJANS



MEDSEN PARAMEDIKAL
OSWA TEKNISYEN
MEDIKAL DIJANS

SAK RIVE APRE SA?

- ✓ Depi pa gen siy abi entansyonèl sou bebe a, yo pa egzije okèn enfòmasyon sou moun k ap kite bebe a. Nou t ap apresye nenpòt enfòmasyon sou dat nesans, ras, istorik medikal paran, sante timoun nan oubyen nenpòt bagay ki t ap itil pou gadyen timoun nan anpil (tankou maladi sik, VIH oswa lòt istorik medikal fanmi a).
- ✓ Yon fwa yon fin egzamine bebe a epi bay li trètman medikal (si li bezwen li), Ministè Sèvis Timoun Indiana a pral pran timoun nan an gadavi atravè Sèvis Pwotektif Timoun kote yo pral plase li nan men yon gadyen.
- ✓ Paran kapab jwenn konsèy gratis epi diskite sou tout tip opsyon konsènan sitiyasyon yo lè yo rele **Liy Asistans Abri Sekirite Nasyonal la 1-866-992-2291** oubyen anliy sou www.SHBB.org. Oubyen tou yo kapab rele **Liy Resous la nan 2-1-1** oubyen **Liy Asistans pou Sante Mantal la nan 988**.


APRANN PLIS

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb Alyans Abri Sekirite Nasyonal la nan Indiana ki sou www.nationalsafehavenalliance.org.

APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijan timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekirite e pi bon pou timoun nou yo.

Ansann, prevansyon posib.



www.pccain.org